



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI PWOLONJE MORATWA SOU EKSPILSYON KOMÈSYAL KI GEN RAPÒ AK COVID JISKA 1YE JANVYE

Fonde sou efò Eta New York pou pwoteje lokatè rezidansyèl ak komèsyal yo kont ekspilsyon pandan pandemi COVID-19 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon dekrè egzekitif ki pwolonje moratwa eta a sou ekspilsyon ak sezi komèsyal ki gen rapò ak COVID, jiska 1ye janvye. Mezi sa pwolonje pwoteksyon ki deja anplas pou lokatè komèsyal yo ak moun ki gen ipotèk an rekonesans ak kou finansye ke pandemi an enpoze pwopriyetè antrepriz yo, ki gen ladan etablisman vant an detay ak restoran. Pwolongasyon pwoteksyon sa a bay lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo tan anplis pou tounen sou pye yo epi ratrape lwaye yo oswa renegosye kondisyon lwaye yo pou evite pwosedi ekspilsyon yo kontinye.

"Enpak sou sante ak ekonomik pandemi sa a te katastwofik, epi nou kontinye fè tout sa nou kapab pou sipòte moun k ap souffri", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral pwolonje moratwa sou ekspilsyon ak sezi komèsyal la rive 1ye janvye. Sa pral aliyen kounye a ak moratwa ekspilsyon rezidansyèl nou an pou yo tou de ka pwolonje pou menm dat la."

Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou ekspilsyon rezidansyèl ak komèsyal nan dat 20 mas pou yon peryòd 90 jou pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Dekrè Egzekitif la te pwolonje moratwa sou ekspilsyon ak sezi komèsyal la rive 20 out, 20 septanm ak 20 oktòb. Gouvènè a te siyen Lwa sou Espas Sekirite Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) a nan dat 30 jen ki te antre anvigè touswit epi te pwolonje moratwa ekspilsyon pou lokatè yo jiskaske ijans lan ekspire. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou bay èd finansye pou lokatè rezidansyèl yo pou bay soulajman pandan ijans sante piblik la. Gouvènè Cuomo te bay pwoteksyon anplis tou pou lokatè rezidansyèl yo kont chaj pou reta nan peman lwaye epi otorize lokatè yo pou itilize depo garanti pou peye lwaye pou lokatè rezidansyèl yo pa Dekrè Egzekitif.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)